

Enfòmasyon Enpòtan sou tarif National Grid yo

Nan dat 16 novanm 2023, National Grid te voye yon pwopozisyon nan Depatman Sèvis Piblik (DPU) la pou fè yon mizajou nan tarif elektrisite Konpayi an. Pwopozisyon an mande yon ogmantasyon nèt sou resèt distribisyon chak ane yo ki anviwon \$131.6 milyon k ap efektif 1 oktòb 2024. Pwopozisyon an mande tou otorizasyon pou fè ajisteman anplis chak ane apati 1 oktòb pandan dire plan tarif senk lane a pou rekipere envestisman anplis ki nesèsè pou sipòte fyabilite baz la ansanm ak envestisman ki fèt pou sipòte tranzisyon pou ale nan enèji pwòp. Si DPU apwouve l, yon kliyan rezidansyèl tipik ki ap resevwa yon sèvis debaz ki itilize 600 kwh pa mwa ap gen yon ogmantasyon \$7.86 oswa 3.7% pa mwa apati 1 oktòb 2024 ak lòt ogmantasyon 1.8% pa ane pou kat ane ki rete yo. (anviwon yon ogmantasyon 2.2% pa ane sou peryòd 5 lane a). Selon tèm pwopozisyon konpayi an si DPU apwouve envestisman anplis ki nan plan modènizasyon sektè elektrik konpayi an, ogmantasyon tarif pa ane a nan plan senk lane a ap an mwayèn 3.0%.

DPU ap analize demann nou an ki gen ladan l sis odyans piblik nan zòn sèvis National Grid la ak de odyans vityèl (gade pwochen paj la) epi ap pran yon desizyon 30 septanm 2024 pou nouvo tarif yo vinn efektif apati 1 oktòb 2024. Si ou swete voye kòmantè ekri bay DPU, tanpri voye l sou dpu.efiling@mass.gov ak marc.tassone@mass.gov ak objè: **D.P.U. 23-150**.

Pou plis enfòmasyon sou demann lan, vizite sit entènèt nou an nan www.nationalgridus.com oswa rele National Grid nan **1-800-322-3223**. DPU genyen tou yon paj entènèt ki gen enfòmasyon anplis sou demann lan, odyans piblik yo ak enpak pwojè lwa a: <https://www.mass.gov/info-details/dpu-23-150-national-grid-electric-base-distribution-rate-case>. Pou plis enfòmasyon sou paj entènèt la, tanpri kontakte marc.tassone@mass.gov ak objè: **D.P.U. 23-150**.

suit>

This is an important notice. Please have it translated.

Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir.

Este es un aviso importante. Por favor, hágalo traducir.

Avis important. Veuillez traduire immédiatement.

Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla.

Это очень важное сообщение. Пожалуйста,

попросите чтобы вам его перевели.

ဒေးဇီဇာကမ္ဘာဗွေဒ်ပီဗ်ဗ်ဇာဒ်ဗု ဗပပိကမ္ဘာ,

Đây là một thông báo quan trọng. Xin vui lòng dịch thông báo này.

這是一個重要的通知。請翻譯一下。

هذا اخطار مهم. نترجى نشرجه بنده.

এটা একটা গুরুত্বপূর্ণ বজ্রিঃপ্তি। অনুগ্রহ কর। এটা অনুবাদ করে ননি।

Sa a se yon avi enpòtan. Tanpri, fè li tradwi.

ԴՄՕ խոսքերը կարևոր են և պահանջ արժեք ունենում են:

Enfòmasyon Enpòtan sou tarif National Grid yo

nationalgrid

Sis odyans piblik an pèsòn yo konsènan demann National Grid la pwograme konsa:

12 mas 2024 a 7:00 p.m.

Oditoryòm South Lawrence East Elementary School
165 Crawford Street, Lawrence, MA 01843
(*Entèpretasyon an espanyòl disponib*)

19 mas 2024 a 7:00 p.m.

North Quincy High School
316 Hancock Street, Quincy, MA 02171
(*Entèpretasyon an mandaren disponib*)

4 avril 2024 a 7:00 p.m.

Sal Kominotè PSF
4 Fairgrounds Road, Nantucket, MA 02554
(*Entèpretasyon an espanyòl disponib*)

14 mas 2024 a 7:00 p.m.

Shaw's Center
1 Feinberg Way, Brockton, MA 02301
(*Entèpretasyon an espanyòl, pòtigè, Kreyòl Ayisyen*)

3 avril 2024 a 7:00 p.m.

Oditoryòm Worcester Technical High School
1 Officer Manny Familia Way, Worcester, MA 01605
(*Entèpretasyon an espanyòl, pòtigè disponib*)

9 avril 2024 a 7:00 p.m.

Monument Mountain Regional High School
600 Stockbridge Road, Great Barrington, MA 01230
(*Entèpretasyon an espanyòl disponib*)

De odyans piblik vityèl yo pa videyo konferans Zoom ap fèt 21 mas 2024. Premye seyans lan ap kòmanse a 2:00 p.m., epi dezyèm seyans lan ap kòmanse a 7:00 p.m.

Patisipan yo ka patisipe nan youn oubyen lòt nan seyans yo lè yo antre sou lyen sa, <https://us06web.zoom.us/j/86918048614>, sou yon òdinatè, yon telefòn entèlijan oswa yon tablèt. Okenn telechajman lojisyèl davans pa nesèsè. Pou yon aksè odyo sèlman a odyans piblik la, patisipan yo ka konpoze **1-309-205-3325** (apèl peyan) epi antre idantifyan wèbinè a: 869 1804 8614. Sèvis entèpretasyon (espanyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, mandaren ak khmer) ap disponib sou platfòm Zoom yo, lè w klike sou bouton "Entèpretasyon" nan meni anba ekran aplikasyon Zoom lan epi seleksyone lang ou an (sa vle di espanyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, mandaren oswa khmer).